

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan ngajawab (1) kamampuh siswa kelas XI IPA 6 SMA Negeri 1 Cianjur dina nulis sajak saméméh ngagunakeun métodeu *sugestopedia*; (2) kamampuh siswa kelas XI IPA 6 SMA Negeri 1 Cianjur dina nulis sajak sabada ngagunakeun métodeu *sugestopedia*; jeung (3) béda kamampuh siswa kelas XI IPA 6 SMA Negeri 1 Cianjur dina nulis sajak saméméh jeung sabada ngagunakeun métodeu *sugestopedia*. Métodeu anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métodeu kuasi ékspérimén. Téhnikna nya éta téhnik tés. Tiorina nya éta *sugestopedia*.

Kamampuh nulis sajak siswa kelas XI IPA 6 SMA Negeri 1 Cianjur saméméh ngagunakeun métodeu *sugestopedia* kagolong can mampuh kalayan rata-rata peunteunna nya éta 51,38, tina 36 siswa, ngan aya hiji siswa atawa 2,78% nu geus ngahontal KKM sarta 35 siswa atawa 97,22% nu can ngahontal KKM. Kalawan skor pangluhurna nya éta 85 sedengkeun skor panghandapna nya éta 40.

Kamampuh nulis sajak kelas XI IPA 6 SMA Negeri 1 Cianjur sabada ngagunakeun métodeu *sugestopedia* kagolong mampuh kalayan rata-rata peunteunna nya éta 85,27, tina 36 siswa, sakabéh siswa atawa 100% geus ngahontal KKM. Kalawan skor pangluhurna nya éta 93 sedengkeun skor panghandapna nya éta 76.

Aya béda anu signifikan antara hasil *pre-test* jeung *post-test* antara kamampuh nulis sajak siswa kelas XI IPA 6 SMA Negeri 1 Cianjur saméméh jeung sabada ngagunakeun métodeu *sugestopedia*. Dumasar hasil *pre-test* kamampuh nulis sajak saméméh ngagunakeun métodeu *sugestopedia* kagolong can mampuh (51,38), tina 36 siswa kakara hiji urang nu kaasup kana katégori mampuh sedengkeun 35 urang masih kaasup kana katégori can mampuh. Sedengkeun dumasar hasil *post-test* kamampuh nulis sajak sabada ngagunakeun métodeu *sugestopedia* kagolong mampuh (85,27), sakabéh siswa asup kana katégori mampuh. Dumasar hasil uji statistik nilai signifikansi (Asymp Sig. 2-

tailed) nya éta $0,000 < 0,05$, ku kituna H_1 ditarima atawa H_0 ditolak. Hartina aya beda anu signifikan antara hasil *pre-test* jeung *post-test*. Ieu hal némbongkeun yén métodeu *sugestopedia* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak siswa kelas XI IPA 6 SMA Negeri 1 Cianjur Taun 2016/2017.

5.2 Implikasi

Métodeu *sugestopedia* dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak. Larapna métodeu *sugestopedia* meunang sawangan anu positif ti siswa jeung guru, ku sabab dina prak-prakanna ieu métodeu ngirut jeung dipikaresep. Ieu métodeu oge bisa numuwuhkeun daya kreativitas siswa sarta mantuan siswa pikeun ngawangun imajinasi leuwih jero.

5.3 Rékoméndasi

Sabada ngayakeun panalungtikan ngeunaan métodeu *sugestopedia* dina pangajaran nulis sajak, aya sababaraha saran anu patali jeung ieu panalungtikan, nya éta ieu di handap.

Dumasar kana hasil panalungtikan, métodeu *sugestopedia* bisa dijadikeun alternatif, hususna dina pangajaran nulis sajak, umumna dina pangajaran basa Sunda.

Saupama guru rék ngalarapkeun métodeu *sugestopedia* dina pangajaran, hal-hal nu kudu diperhatikeun ku guru, nya éta guru kudu bisa ngawasa kaayaan di kelas sangkan *sugesti* bisa éfektif.

Ieu panalungtikan ngagunakeun métodeu kuasi ékspérímén, ku kituna perlu diayakeun deui panalungtikan ngeunaan ieu métodeu ku ambahan anu leuwih lega, nya éta ngagunakeun métodeu kuasi ékspérímén murni.